***<u>1-bólim: Hárbir tapsırma 0,9 balldan bahalanadı</u>***

**1.** Juwaplarda berilgen qaysı gáp quramındağı kóp noqattıń ornına qarsılas dáneker qoyıladı?
A) Mallarǵa suw berdim, . . . ot salıwdı esimnen shıǵarıppan.
B) Jumısshılarǵa awqattı men alıp baraman, . . .olardan birewi kelip alıp ketedi.
C) . . . jawın burshaqqa aylanadı, . . . qar epelekleydi.
D) Keme uzaqlaydı, . . . kishkene Tursınbay izinen qol bılǵap juwıradı.

**2.** Qaysı jazıwshı kinoscenarist jazıwshı sıpatında "Qaysar", "Qorǵan" shıǵarmaları menen de keń jurtshılıqqa tanıldı?
A) O.Ábdiraxmanov B) S.Jumágulov
C) K.Raxmanov D) M.Nızanov

**3.** Is-hárekettiń belgili bir waqıtqa qatnaslı ekenligi kórsetilgen ataw gápti anıqlań.
A) Quyash taw artına bas qoyǵan shaq.
B) Aqdáryanıń eki boyı sıǵasqan elat.
C) Quyash penen birge oyanatuǵın adam.
D) Kúni erteń barıp xabar almaqshıman.

**4.** Juwaplarda berilgen qaysı gáp qospa gáp bola almaydı?
A) Gúlayım sóyledi, biraq ol tıńlamadı.
B) Báhár keldi, gúl ashıldı.
C) Sáwir samal – jannıń ráháti.
D) Aqıllı asar, aqılsız sasar.

**5.** G.Seytnazarov qaysı shıǵarmasında óz zamanınıń eń talantlı astronomı, geologı, farmokologı, tariyxshı, filosofı hám filolog alımı jasaǵan dáwirdi kórsete aladı?
A) "Temir qazıq" B) "Juldızlı túnler"
C) "Erlik belgisi" D) "Máwsimler muqamı"

**6.** Zalım urıs! Atıń óshsin!
Sen sebepli kewil jara.
Kóp úylerde sen sebepli,
"Áke" sózin bilmes bala, – dep urıstıń jaman aqıbetlerin óz qosıǵında ashıp bergen shayırdı tabıń.
A) A.Aripov B) Zulfiya
C) Muhammed Yusuf D) E.Vahidov

**7.** Hár birewdiń ayı, jılı sanawlı,
Birim-birim qoparılar gerbishiń.
Jaqsılıǵıń jurt aldında sınawlı,
Izzet penen eńbek etseń el ushın. Úzindi qaysı shayırdıń qálemine tiyisli?

A) Berdaq B) I.Yusupov
C) S.Nurımbetov D)T.Jumamuratov

**8.** Óz dóretpelerinde "Jaz kúnlerim boldı gúzek" degen metonimiya arqalı óziniń awır keshirmesin, "Tapqanım jetpey jutımǵa" degen litota arqalı adam miynetiniń arzanlıǵın kórkem sáwlelendirgen shayırdı anıqlań.
A) Kúnxoja Ibrayım ulı
B) Berdaq Ǵarǵabay ulı
C) Ótesh Alshınbay ulı
D) Ájiniyaz Qosıbay ulı

**9.** XIX ásirde Molla Moyın tárepinen qaraqalpaq tiline awdarılǵan kitap qaysı juwapta berilgen?
A) "Shaxnama" B) "Avesto"
C) "Al asar albakiya al alkuran al xaliya"
D) "Gúlistan"

**10.** "Miynet penen tabılǵan aqsha" erteginde ákeniń maqseti ne edi?
A) Adamlardı mázi sınaw maqsetinde.
B) Balanı jalqawlıqtan qutqarıw
C) Balasınıń kóp pul tabıwın qáleydi.
D) Diyqanshılıq sırların tereń úyretiw.

***<u>2-bólim: Hárbir tapsırma 1,5 balldan bahalanadı</u>***
**11.** Rasul Gamzatovtıń "Balalıqtaǵı umıtılmas waqıya" shıǵarmasında bala eń sońında qanday sheshimge keldi?
A) Adamlardı jaqsı kóriw
B) Ótirik sóylemew
C) Asıq oynamaw
D) Suwǵa shomılmaw

**12.** Janábay shayırdıń"Aqsúńgúl", "Ayjamal","Arzıgúl" qosıqlarınıń mazmunlıq jaqtan uqsaslıǵı nede?
A) Yumor-satiralıq usılda jazılǵan B) Didaktikalıq mazmunda jazılǵan.
C) Tımsal janrında jazılǵan
D) Táriyip mazmunında jazılǵan.

**13.** Úzindini oqıń. ***Bári biregey, bilekleri juwan, júnles baltırlı,kúshli jigitler. <u>Gúndeni</u> ózleri súyrese de bir bále qılıp, mınaw qara qaptaǵı biyday tuqımdı ornına shashıwǵa imkaniyat tabadı.*** Astı sızılǵan, gónergen sóz arqalı bildirilgen nársege qatnaslı wazıypanı búgingi kúnde tiykarınan qaysı transport atqarmaqta?
A) arba B) ekskavator
C) traktor D) kombayn

**14.** Jaz kúnleri edi bul,

Jalańash-jalpı elewsiz,
Júre berdik ep penen,
**Qaza** salıp shalshıqqa,
Jumıs qılıp kóp penen....

Astı sızılǵan sózdiń mánisin tabıń.

A) qarmaq penen balıq uslaw
B) jipten toqılǵan balıq awlaytuǵın qural
C) qayıqtıń bir túri
D) qamıstan islengen balıq awlaytuǵın qural

**15.** Kólge kelip, suw perisine jalınǵan ana obrazı qaysı shıǵarma syujetinde ushırasadı?

A) "Búlbúl uyası" B) "Muǵallimge raxmet"
C) "Jiyren" D) "Jámiyla"

**16.** «Ol sonsha quwanǵan bolsa, seniń kewlińde de onnan kóbirek shadı-qurramlıq boladı. Eger birewge jamanlıq qılsań, ol qapa bolsa, sen de onnan artıǵıraq qapa bolasań. Sen birewge jamanlıq qılsań, saǵan da jamanlıq keledi. Demek, bul zamanda jaqsılıq hám jamanlıqtıń sıylıǵı álbette boladı. Ózin nadan hám ázzi bilgen adam haqıyqıy danadur. Danalıq pikir qaysı danıshpanǵa tiyisli?

A) Yusup Has Hajib B) Omar Hayyam
C) Saadiy Sheraziy D) Ferdawsiy

**17.** Bayanlawısh baǵınıńqılı qospa gápti anıqlań.

A) Kimde-kim náwbetshi bolsa, ol tazalıq jumıslarına juwap beredi.
B) Qaysı úy tatıwlıqta paraxat ómir keshirse, sol úy baxıtlı.
C) Zaldıń saltanatı hám keńligi sonsha, men buníń haqıyqatlıq ekenine isenbey qaldım.
D) Kim kitap penen doslasıwdı qálese, kitap onı aqıllı etedi.

**18.** 18. Berilgen satiralıq qatarlar Ferdawsiy tárepinen qaysı patshaǵa arnap jazılǵanlıǵın anıqlań.

Haywanǵa ne kerek danalıq sózler,
Ol bárha ómirden ólimtik izler.

A) Zarxad B) Muxammed Xojabek
C) Kayqawıs D) Maxmud Ǵaznawiy

**19.** Tuwra gáptiń bayanlawıshı atlıqtan yamasa modal sózinen bolıp kelgende, ózlestirilgen gápte sol bayanlawısh xızmetindegi sózge qaysı tolıqsız feyili dizbeklesip qollanıladı?

A) eken B) degen
C) ayttı D) soradı

**20.** Kelbetlik feyil qatnaspaǵan qaysı gápte geografiya ilimine baylanıslı sóz qollanılǵan?

A) Jer betiniń bizge kórinip turǵan bólimi gorizont delinedi.
B) Ómir-teńiz,durıs baǵdar kórsetetuǵın ustaz-kompas.
C) Bizge belgili hawa qatlamı atmosfera dep ataladı.
D) Ashıq hawada ósiriletuǵın gúllerdiń tuwıs hám sortları júdá kóp.

***<u>3-bólim: Hárbir tapsırma 2,6 balldan bahalanadı</u>***

**21.** Aytılıwında keyingi dawıslı sestiń aldıńǵı dawıssız seske tásir etiwi qaysı gáptegi sózler aralıǵında ushırasadı?
A) Jılqınıń júrisi tosańladı, Qosjan ústinde oyǵa taladı.
B) Bıyıl atızımızdaǵı kók alma bıltırǵıdan kóbirek ónim berdi.
C) Jaqsıbiyke ishki sırların aq qaǵaz betine túsirdi.
D) Tórde aq saqallı atalar hám aq jawlıqlı analar otır.

**22.** Tek shawqımnan dawıs basım bolǵan dawıssız sesler qatnasqan dórendi sózler berilgen juwaptı belgileń.
A) ǵarǵaday, balajanlı, oyla
B) qısqa, óte, tósek
C) dúnyaxor, soqırteke, shashaqlı
D) qaqpaqtay,astaqta, shaqapsha

**23. Feyil tirkewish qatnasqan qaysı gápte gónergen sóz qollanılǵan**?
A) Azannan baslap sharıq iyiriwge kirisken qızlar oǵada kewilli edi.
B) Atamnıń kózin kórgen ógiz arba úyimizdiń janında ele tur.
C) Erteń saǵan kiymeshek kiygizemiz, kiymeshek penen júreseń.
D) Awıldıń arasındaǵı úlken japtı jaǵalay Salamattıń úyine jetip bardım.

**24.** Qaysı gápte sharwashılıq kásibinde mallardıń arıqlawı mánisin bildiretuǵın sóz qollanılǵan?
A) Nurbiyke tek tuwshaların ǵana bir bólek qoraǵa qamawdı uyǵardı.
B) Shamambet atanıń sawlıq qoyları ayrıqsha itibar menen baǵılmaqta.
C) Kóterem qoylardan fermanı toltırayın dep júrgen Aytım da pátinen qayttı.
D) Gúzgi jawınnıń saldarınan jipgileń bolǵan, janiwarlarǵa bul da jaǵımsız.

**25.** Quramında jińishke eziwlik, qısıq dawıslı ses qatnasqan dórendi sózlerdi anıqlań.
1***) teńizshi 2) teńlik 3) tıǵın 4) tórt 5) talas 6) gúl.***
A) 1,2 B) 4,6
C) 3,4 D) 5,6

**26.** Sózlerdi dıqqat penen oqıń. Kóp noqattıń ornın kelbetliktiń tiyisli dárejesindegi sóz benen tolıqtırıń. ***Keń-keń, júdá qáwipli, námnaǵan, ap-awır......***

A) dım joqarı B) kúshlilew
C) qıysıq-qıysıq D) jiyi-jiyi

**27.** "Edige" dástanınan alınǵan shuwmaqtı oqıń. Bul jaǵday tiykarınan neniń nátiyjesi?
— Ha Edige, Edige,

Eńbekli jalǵız, er egiz,
Egiz edik ozalda,
Jalǵız qaldıń Edige,
Sen Noǵaylı, men bunda,
Sátemirdey gúlli qıya,
Qıysıq sanǵa barǵansha,
Ózime tuwrı kelgende,
Toxtamıstay patshadan,
Zorlıq kórip keldim deseń.

A) kúnshillik B) jekkelik
C) óshpenlilik D) miyrimlilik

**28.** Atawısh feyildiń basqarıwındaǵı keńeytilgen baslawısh aǵzalı gápti belgileń.
A) Sıyırlardı qandırıp suwǵarıw hám sútin sawıp alıw Gúlziybanıń ózine qaldı.
B) Atızdan qawınlardı jıynaw, telejkaǵa tiyew hám alıp barıp túsiriwge járdem berdi.
C) Bilgil, bilim alıw, ilim iyelew hám óner úyreniwdiń erte-keshi joq.
D) Sayaxat etiw, kitaplar oqıw, doslar menen oynap-kúliwdi kútá jaqsı kóremen.

**29.** Bas sózi atlıqtan bolǵan sóz dizbegi qatnasqan qaysı gápte dórendi kelbetlik qollanılǵan?
A) Jaqsı insanlar basqalarǵa da jaqsılıqtı tileydi.
B) Páklik-insannıń heshqashan joyılmaytuǵın sulıwlıǵı.
C) Sulıw tábiyat bar dıqqatımdı ózine tartqan edi.
D) Aqıllı perzent ata-anasına súyenish boladı.

**30.** Qaq jıńǵıldan eki ushlı etip, sharıqqa ornatıp jip iyiriw ushın islengen ásbap ne delinedi?
A) iynelik B) urshıq
C) qozaq D) iyik